



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE JISKA 30 DOLA RABÈ/MWA AK PWOGRAM KONEKSYON ABÒDAB FEDERAL

Eta New York lanse yon plan konplè pou amelyore aksè ak wo debi ak abòdabilite pou tout Nouyòkè yo

Pwogram koneksyon an fè pati pwopozisyon sou Sitiyasyon Eta Gouvènè a pou 1 milya dola nan nouvo investisman wo debi nan kad Inisyativ ConnectALL Gouvènè a, Gade [isit la](#)

Plis pase 2 milyon fanmi ki gen revni fèb ka benefisye koneksyon entènèt

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon inisyativ milti-ajans ki te dirije pa Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) Eta New York pou ankouraje Nouyòkè ki elijib yo enskri nan [Pwogram Koneksyon Abòdab \(Affordable Connectivity Program, ACP\)](#) gouvènman federal la, ki se yon pwogram ki fèk lanse ki bay rabè jiska 30 dola pa mwa nan sèvis entènèt pou fanmi ki gen revni fèb yo.

"Pandemi an montre nou kijan aksè ak wo debi ki fyab se yon kout men esansyèl pou kenbe Nouyòkè yo konekte ak pwòch yo ak opòtinite pwofesyonèl yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Koneksyon Entènèt pou tout Nouyòkè yo, ki gen ladan fanmi ki gen revni fèb yo, ede Nouyòkè yo kòmanse yon biznis, jwenn yon travay, jwenn aksè ak swen sante, epi kominike ak pwòch yo. Li enperatif pou nou asire ke gen wo debi ki gen gwo vitès, epi ki fyab pou tout Nouyòkè yo."

Depatman Sèvis Piblik la, an kowòdinasyon ak lòt ajans eta ki fè fas ak piblik la ak founisè sèvis entènèt yo, pral dirije yon kanpay konsyantizasyon ak maketin nan tout gouvènman an nan tout eta a nan kad Inisyativ ConnectALL Gouvènè (Governor's ConnectALL Initiative) a pou ogmante enskripsyon pami Nouyòkè ki elijib yo.

Inisyativ ConnectALL Gouvènè Hochul te anonse nan dat 5 janvyè nan kad diskou li sou sitiyasyon Eta a, se yon investisman ki pote transfòmasyon nan kominote ak enfrastruktir dijital New York yo. Li pral non sèlman asire wo debi ki disponib ak aksesib epi ki gen gwo vitès pou tout Nouyòkè, men tou, New York pral dirije ekonomi konekte 21èm syèk la. Efò sa a pral non sèlman enplike gouvènman an ak sansibilizasyon kominotè, men li pral travay ak pi gwo founisè wo debi Eta a yo pou rive atenn Nouyòkè ki elijib yo.

Pandan twò lontan, wo pa rive jwenn anpil Nouyòkè paske li pa abòdab. Anplis diminye depans pou konsomatè yo atravè investisman kapital, Inisyativ ConnectALL pyonyè Gouvènè a vize asire ke chak Nouyòkè ki elijib pou patisipe nan Pwogram Koneksyon Abòdab genyen enfòmasyon ak sipò yo bezwen pou enskri epi kòmanse benefisyè.

Wo debi koute Nouyòkè yo plis pase 60 pa mwa an mwayèn. Anplis asistans 30 dola pa mwa, fanmi ki elijib finansyèman yo kapab resevwa yon rabè yon sèl fwa jiska 100 dola pou achte yon laptop, yon òdinatè oswa yon tablèt nan men founisè k ap patisipe yo si yo kontribye plis pase 10 dola ak mwens pase 50 dola pou pri dacha a.

Direktè Egzekitif Jeneral DPS la, Rory M. Christian, te deklare, "Entènèt rapid esansyèl pou jwenn aksè ak sèvis ak enfòmasyon debaz yo ke nou itilize nan lavi nou chak jou. Avèk asistans federal sa a, plizyè milye fanmi ki gen revni fèb nan Eta New York pral kapab jwenn aksè ak entènèt ke yo bezwen yon fason dezespere."

Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight te deklare, "Pandan twòp tan, wo debi pa rive jwenn Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo akòz pwoblèm abòdabilite. Inisyativ ConnectALL Gouvènè Hochul la pral elaji aksè ak entènèt nan tout kwen eta a - soti nan otowout riral eta yo rive nan sant iben yo - pandan y ap ogmante abòdabilite, konpetisyon, ak chwa konsomatè yo."

Camille Joseph, Vis Prezidan Gwoup, Afè Gouvènman, Charter Communications, te deklare, "Charter te angaje depi lontan pou ogmante koneksyon lè li adrese aksè, adopsyon ak abòdabilite ak wo debi, ki gen ladann atravè ekstansyon kontinyèl rezo wo debi nou an nan zòn defavorize ak zòn riral yo, òf wo debi ki pa chè Spectrum Internet Assist la pou fanmi ak granmoun aje ki elijib yo, patisipasyon nounan Pwogram Avantaj Wo Debi Ijans (Emergency Broadband Benefit Program) lan, ak pwogram Rete Konekte (Stay Connected) nou an pou lekòl K-12 yo. Spectrum fyè pou l patisipe nan Pwogram Koneksyon Abòdab la, ki baze sou angajman Charter pran depi lontan pou ogmante koneksyon."

Jen Ostrager, Vis Prezidan Afè Kominotè pou Altice USA, te deklare, "Altice USA pran angajman pou elaji adopsyon sèvis entènèt ki abòdab nan New York epi, atravè pwogram Optimum Advantage Internet nou an ak divès patenarya piblik ak prive, nou fyè pou nou bay Nouyòkè wo debi rapid Optimum nou an nan yon pri abòdab chak mwa. Antanke yon patisipan nan Pwogram Koneksyon Abòdab la, nou pa ka tann pou nou travay kole ak Gouvènè Hochul ak Depatman Sèvis Piblik la pou sansibilize sou pwogram nan epi ede plis fanmi yo konekte ak sèvis wo debi rapid lakay yo."

Tony Lewis, Vis Prezidan Verizon nan Afè Gouvènman ak Politik Piblik Eta a, te deklare, "Verizon angaje nan yon sosyete dijital enklizif ak ekitab, se poutèt sa nou sipòte nouvo Pwogram Koneksyon Abòdab (ACP) la ak inisyativ ConnectALL Gouvènè Hochul la pou ede konsomatè New York yo konekte ak wo debi. Kliyan Verizon ki elijib yo ka resevwa yon rabè sou plan pòs-peye Verizon mobile, Fios, 5G Home or LTE

Home Internet yo, sa k ap ede plis moun konekte atravè sèvis wo debi nou yo pase anvan."

Dow Draper, Vis Prezidan Egzekitif Gwoup Pwodui Emèjan yo nan T-Mobile, te deklare, "Inisyativ tankou pwogram New York ConnectALL an ankò ak kwayans T-Mobile depi lontan ke koneksyon abòdab ta dwe aksesib pou tout moun epi faktè tankou limit revni pa ta dwe yon baryè fas ak sèvis entènèt fyab epi ki rapid pou nenpòt moun. Nou pa ka tann pou nou travay avèk Gouvènè Hochul ak biwo li pou vivifye pwogram enpòtan sa a nan New York."

Patricia Jacobs, Prezidan - AT&T Northern Region, te deklare, "Entènèt abòdab - alafwa ak fil ak san fil - se kle pou fèmen divizyon dijital la. Sipò AT&T nan Pwogram Koneksyon Abòdab la vle di kliyan nou yo ka diminye pri entènèt yo lè yo pwofite avantaj federal alontèm sa yo. Ofri opsyon entènèt bon mache pou kliyan nou yo rete yon priyorite enpòtan. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li ankouraje Nouyòk ki elijib yo pou yo enskri pou avantaj enpòtan sa a."

Kòm yon pati nan inisyativ Gouvènè Hochul te anonse a, DPS pral dirèkteman pibliye rabè federal wo debi a kòm yon pati nan sansibilizasyon regilye kliyan li yo ki gen ladan prèske 100 evènman konsomatè an 2022, ak nan inisyativ katografi wo debi li a nan tout eta a.

DPS pral ankouraje gwo founisè wo debi yo pou ankouraje pwogram nan epi fè rapò sou plan yo pandan y ap devlope, tankou Charter, Verizon ak Altice, ki sèvi plis pase 95 pousan nan kay eta a yon fason kolektif, ansanm ak founisè san fil AT&T, T-Mobile ak Verizon.

Lòt ajans Eta Nouyòk ki enplike nan inisyativ sansibilizasyon wo debi a gen ladan Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA), ki pral mande ajans sèvis sosyal yo pou pataje materyèl sansibilizasyon ak kliyan yo, ak Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFC) an, ki pral ankouraje sibvansyon wo debi atravè depatman sèvis sosyal lokal yo, antite ki bay lisans pou gadri, founisè gadri yo, swen adoptif ak ajans volontè yo.

Anplis de sa, Depatman Travay (Department of Labor, DOL) la pral ankouraje sibvansyon an atravè chanèl sansibilizasyon nan tout eta a, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè (Homes and Community Renewal, HCR) pral kontakte pwopriyetè pwopriyete ki nan pòtfolyo li a epi ba yo materyèl pwogram yo pou yo poste nan zòn komen yo epi distribye bay rezidan yo, Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) a prepare pou fè yon kanpay piblisite pa lapòs dirèk ak pa imèl, epi Empire State Development prepare pou pwofite sibvansyon kapital wo debi epi konsèy rejyonal yo pral ogmante konsyantizasyon ak enskripsyon yo.

Dènyèmman, DPS te lanse premye etid katografik wo debi an pwofondè k ap fèt onivo tout eta a pou idantifye disponiblite, fyabilite ak pri sèvis wo debi rapid yo toupato nan eta a. Objektif etid la se pou ede detèmine ki mezi nou bezwen pran pou asire tout

konsomatè rezidansyèl ak komèsyal New York yo gen aksè a entènèt, selon bezwen yo. Etid la, ki dwe fini an me, pral sèvi pou asire ke yo vize fon federal pou wo debi yo kote ki pi nesèsè.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)